**दिन–बुधवार** **दिनांक–01.07.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विकसित भारत रोजगार आओर आजीविका गारंटी मिशन–ग्रामीण अधिनियम आई सँ लागू भऽ गेल अछि। ग्रामीण विकास मंत्रालय कहलक् जे **वीबी जी राम जी अधिनियम** के अंतर्गत प्रत्येक वित्तीय वर्ष मे एक सय पच्चीस दिनक रोजगारक गारंटी होयत। हमर संवाददाता जनौलनि जे चालू वित्तीय वर्ष मे एहि योजना कैँ लागू करबाक लेल पंचानवे हजार छओ सय बानवे करोड़ टकाक प्रावधान कएल गेल अछि।

---

राज्य सरकार जी राम जी योजना लागू करबाक लेल पैघ स्तर पर तैयारी कएने अछि। योजना कैँ सुचारू रूप सँ चलेबाक लेल मुख्य सचिवक अध्यक्षता मे राज्य संचालन समितिक गठन कएल गेल अछि। संचालन समिति मे ग्रामीण विकास विभाग सहित सत्रह टा विभागक सचिव लोकनि कैँ सदस्यक रूप मे शामिल कएल गेल अछि। एहिक संग, जिलाधिकारी कैँ जिला कार्यक्रम समन्वयक आ उपविकास आयुक्त कैँ अपर जिला कार्यक्रम समन्वयक नामित कएल गेल अछि। विकसित भारत जी राम जी योजनाक अंतर्गत ग्राम पंचायत दस लाख टका धरि, प्रोग्राम ऑफिसर पंद्रह लाख, डीडीसी एक करोड़ आ जिलाधिकारी तीस करोड़ टका धरिक योजना स्वीकृत कऽ सकैत छथि।

---

तेल कंपनी सभ उन्नीस किलोग्राम बला व्यावसायिक एलपीजी सिलेंडरक दाम मे एक सय तिरासी टका पचास पैसाक कमी कयलक अछि। एहि कटौतीक बाद पटना मे आब उन्नीस किलोग्रामक व्यावसायिक एलपीजी सिलेंडर तीन हजार दू सय इकतालीस टका मे भेटत।

---

पासपोर्ट आवेदन फीस मे आई सँ वृद्धि लागू भऽ गेल अछि। ई वृद्धि नव पासपोर्ट–संशोधन नियम, दू हजार छब्बीसक अंतर्गत कएल गेल अछि। एकरा अंतर्गत छत्तीस पन्ना बला नव पासपोर्ट अथवा दोबारा पासपोर्ट बनेबाक खर्च आब दू हजार पांच सय टका

होयत। साठ पन्ना बला साधारण पासपोर्ट अथवा दोबारा जारी पासपोर्टक खर्च आब तीन हजार पांच सय टका तय कएल गेल अछि, जखनकि तत्काल योजनाक अंतर्गत ई छओ हजार टका होयत।

———————————————————

शिक्षा विभाग टीआरई–थ्री के अंतर्गत बहाल भेल ओहि विद्यालय शिक्षक लोकनिक सेवा समाप्त करबाक निर्देश देलक अछि, जे शिक्षक **एनआईओएस** सँ अठारह महीनाक डी. एल.एड. कोर्स कएने छथि। प्राथमिक शिक्षा निदेशक विक्रम विरकर के दिस सँ जारी कएल गेल पत्र मे सभ जिला शिक्षा पदाधिकारी लोकनि कँ तय प्रक्रियाक पालन करैत एहन शिक्षक लोकनिक सेवा समाप्त करवाक आ एकर जानकारी विभाग कँ तुरंत देबाक निर्देश देल गेल अछि।

———————————————————

स्वास्थ्य मंत्री निशांत कहलनि अछि जे राज्यक सभ सरकारी अस्पताल आ स्वास्थ्य संस्थान मे सीसीटीवी कैमरा लगाओल जाएत। एकर निगरानी कंट्रोल रूम सँ कएल जाएत, ताकि डॉक्टर आ स्वास्थ्यकर्मी लोकनिक समय पर उपस्थिति सुनिश्चित कएल जा सकय। पटना मे पत्रकार लोकनि सँ गप्प करैत स्वास्थ्य मंत्री बतौलनि जे अस्पताल सभ मे दवाईक उपलब्धता आ ओकर वितरण के नियमित मॉनिटरिंग होयत आ लापरवाही भेटला पर संबंधित कर्मचारी लोकनिक विरूद्ध कडगरा कार्रवाई कएल जाएत।

———————————————————

विधान परिषदक नवनिर्वाचित सदस्य लोकनि कँ आई शपथ देआओल गेल। विधान परिषद सभागार मे आयोजित कार्यक्रम मे सभापति अवधेश नारायण सिंह सदस्य लोकनि कँ शपथ देऔलनि। भाजपा सँ भोजपुरी फिल्म अभिनेता पवन सिंह, संजय मयूख, अनिल कुमार ठाकुर आ शीला पंडित शपथ लेलनि। ओतहि, जदयू सँ स्वास्थ्य मंत्री निशांत, भारती मेहता, शिवरानी देवी प्रजापति आ ललन प्रसाद तथा लोक जनशक्ति पार्टी–रामविलास सँ अशरफ अंसारी शपथ लेलनि। एकर अतिरिक्त राजदक सुनील कुमार सिंह कँ सेहो शपथ दिआओल गेल।

———————————————————

आई राष्ट्रीय चिकित्सक दिवस मनाओल जा रहा अछि। आजुक दिन जनताक स्वास्थ्यक रक्षाक लेल डॉक्टर लोकनिक समर्पण आ पैघ योगदान कँ प्रदर्शित करैत अछि।

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, केन्द्रीय स्वास्थ्य मंत्री जे. पी. नड्डा, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आ विधानसभा अध्यक्ष डॉक्टर प्रेम कुमार एहि अवसर पर सभ डॉक्टर लोकनि कें बधाई आ शुभकामना देलनि अछि।

————————————————————

प्रदेशक अधिकांश भाग मे मॉनसून सक्रिय भऽ गेल अछि। मौसम विभाग अपन पूर्वानुमान मे कहलक अछि जे आई भागलपुर, कटिहार आ समस्तीपुर जिला मे तेज हवाक संग भारी बरखाक सम्भावना अछि। ओतहि अररिया, दरभंगा, किसनगंज, शिवहर आ वैशाली सहित बारहटा जिला मे तेज हवाक संग मेघगर्जन आ वज्रपातक चेतावनी जारी कएल गेल अछि।

————————————————————

समाप्त